

La Pè Despri Pou ou Jodi a. Mwens Dèt pou Pitit ou Demen.



Avèk plan prepeye ki rele Florida 529 Prepaid Plans yo ki genyen pri a pati de \$45 chak mwa, ou kapab ede pitit ou jwenn yon diplòm inivèsitè epi evite pran dèt nan prè pou etidyan.

Genyen anpil rezon pou moun ta dwe kòmanse fè ekonomi bonè pou edikasyon pòst segondè pitit yo, tankou pa egzanp plis ekonomi yo kapab fè pandan tout vi yo epi plis opsyon nan pwofesyon yo, avèk tou manyè wap fè pitit ou wè enpòtans ou bay afè edikasyon. Plan prepeye pou etid inivèsitè Florida 529 Prepaid Plans yo bay moun sètitud avèk sekirite pou ekonomi yo fè pou inivèsite pitit yo. Epi lè ou kòmanse jodi menm, wap konstwi fondasyon yon avni ki pral genyen anpil debouche pou yo.

- Dapre konsèy edikasyon ki rele Southern Regional Education Board lan, lè nou rive nan ane 2030, de (2) sou twa (3) travay pral egzije yon edikasyon pòst segondè epi fòmasyon ki ale pi lwen pase high school.
- Prè inivèsitè yo se dezyèm pi gwo sous dèt. Yo vin apre prè ipotekè yo rele mortgage lan nan Etazini, avèk plis pase 45 milyon Ameriken ki genyen dèt sou prè nan yon montan ki rive jis \$1,6 trilyon, dapre yon enstitisyon ki okipe afè aksè avèk reyisit nan inivèsite ki rele Institute for College Access and Success. Dèt total moun an Florida genyen depase dèt moun nan tout lòt eta yo sòf 2 ladan yo.

➤ **Enskri nan yon plan 529 Prepaid Plan ki san risk ladan li. Si ou fè sa avan dat 30 avril, ou pral ekonomize \$25. Mete kòd pwomosyon **ELC2021**.**

Senpleman ale sou myfloridaprepaid.com pou ranpli yon aplikasyon rapid sou entènèt ki ka ranpli nan yon ti tan pa plis pase 15 minit, oswa rele nou nan **1-800-552-GRAD (4723)**.